

Kisa w bezwen pou w jwenn èd

Family Navigators (Navigatè Lafanmi) yo se paran timoun ki gen bezwen espesyal ki konprann kòman pou yo navige nan sistèm nan epi ki gen eksperyans nan sa ki dwe fèt pou jwenn sèvis pou timoun yo ak fanmi yo.

Mailman Center for Child Development

Rele nan 305-243-5330

Ekri nou nan [mailmanfamnavigator@miami.edu](mailto:mailmanfamnavigator@miami.edu)

Visite sit wèb nan <http://pediatrics.med.miami.edu/mailman-center/family-navigator-program>

Ranpli fòm sa a epi lage l nan bwat Family Navigator ki nan resepsyon an.

Youn nan Family Navigators (Navigatè Lafanmi) nou yo ap kontakte w nan 3-5 jou lasemèn.

Non Timoun nan

Non Paran/ Moun kap okipe l la

Telefòn

Imèl:



*“Pwogram sa a vrèman ede fanmi yo nan moman difisil yo. Se yon pòt ki louvri sou plizyè resous ki ede fanmi yo avanse”.*



**Pwogram Navigatè pou Lafanmi**  
(Family Navigator Program)

Kòman Family Navigator kapab ede fanmi w.

Ranfòse fanmi yo epi ba yo mwayen atravè sipò, koneksyon ak edikasyon.



Family Navigator Program  
(Pwogram Navigatè pou Lafanmi)  
University of Miami Miller School of Medicine  
Department of Pediatrics (Depatman Pedyatri),  
Mailman Center for Child Development  
Family Navigator Program: 305-243-5330  
Imèl: [mailmanfamnavigator@miami.edu](mailto:mailmanfamnavigator@miami.edu)

[pediatrics.med.miami.edu/mailman-center/family-navigator-program](http://pediatrics.med.miami.edu/mailman-center/family-navigator-program)

Pwogram nan benefisyè gwo sipò gras a yon don Taft Foundation.



Family Navigator Program (Pwogram Navigatè pou Lafanmi) nan ede fanmi yo jwenn resous pou timoun yo. Pwogram sa a pap koute fanmi yo anyen.

Family Navigator Program (Pwogram Navigatè pou Lafanmi) ap ede w fè sa ki nesèsè pou w jwenn sèvis fanmi w kapab bezwen.

Mailman Center for Child Development  
University of Miami Miller School of Medicine

Nou konprann ke leve yon timoun ki gen bezwen zwen lasante ak/oubyen andikap kapab difisil epi kreye fristrasyon lakay moun akòz de kompleksite sistèm sante a.

## Kisa Family Navigators yo fè?


- Koute epi konprann pwen fò ak bezwen fanmi w.
- Konekte w avèk resous ki apwopriye yo.
- Ede w detèmine “Pwochèn etap yo” pou fanmi w.
- Reponn tout kesyon ke ou kapab genyen.
- Ofri w sipò an tèt a tèt ak moun ki nan menm sititasyon avè w.

## Family Navigators (Navigatè Lafanmi) yo kapab ede w aprann plis sou:

- Pwoblèm lekòl
- Entèvansyon ak terapi yo
- Asirans Sante
- Rekreyasyon/ Pwogram After-School yo
- Sèvis legal yo
- Sipò paran
- Lojman
- Nitrisyon/Byennèt
- Tranzisyon nan laj granmoun

## Amelyore lavi moun ki andikape ak lavi fanmi yo atravè inovasyon, enpak, ak koneksyon.

Gouvènman Ameriken an chwazi “Mailman Center” a kòm yon Sant Inivèsité espesyalize nan zafè Developman Andikape (University Center of Excellence in Developmental Disabilities (UCEDD)). Nou okipe nou de enkyetid moun ki andikape yo ak ki gen bezwen espesyal kwonik swen sante, atravè rechèch, sèvis klinik, fòmasyon, sansibilizasyon nan kominote yo ak mobilizasyon.



“Mwen rekonesan pou èd la. Se sèl pwogram kote w jwenn kontak moun, anpati ak konpreyansyon”

Gras a pwogram nan ArtAbilities; yon patenarya ant Lekòl Leta Miami-Dade County Depatman Art, ak Mailman Center for Child Development

Kontakte  
**Family Navigator**  
pou ede fanmi w.